



REPUBLIQUE DU BURUNDI
Parti CNDD-FDD
Conseil National pour la Défense
de la Démocratie- Forces pour la
Défense de la Démocratie
REPRESENTATION PROVINCIALE
DE BUBANZA

Tél : 77732196/79483683

NR...../Rep.prov.Bub/H.1/CNDD-FDD/JANVIER/2015

REPUBLIKA Y'UBURUNDI
Umugambwe CNDD-FDD
Inama y'Abanyagihugu baharanira
Demokarasi.

UBUSERUKIZI BW'UMUGAMBWE
MU NTARA YA BUBANZA

Bubanza kuwa...../012015.

**INAMA YO KWIPFURIZANYA UMWAKA MUSHASHA WA 2015
KU MUTUMBA, IGENEKEREZO RYA/...../2015**

**“TUREMESHE ABAGUMYABANGA, DUSAMBURE INYIGISHO
Z'ABAKEBA MU KUGARAGAZA ICO BAGAMIJE”**

I. INTANGAMARARA

Hasigaye amezi atatu kugira ngo twinjire mu matora nyezina. Amatora ntaraba urwego uru canke rurirya, aturaba twese, ninaco gituma umwe umwe wese mu bagumyabanga ahamagaririrwa kwuzuzwa uwundi aho gusamburana. Harageze nimba hatararengerana ko duca akagozi, dukore umurindi nka kumwe abiruka bahanahana udukoni, uwanyuma ashiramwo inguvu nyinshi kugira abe ariwe agaca.

Ivyakozwe muri ino mwaka itanu turata ni vyinshi, ariko rero hari impunyi zitabibona uko abandi babibona n'aho tuzi ko atawushimisha bese.

ta wokwijajara ngo arere amaboko nka wa wundi ngo ibintu irapanze! Tumenye ko ibihe biha ibindi. ivyo muri 2005 , siyoy abaye muri 2010 siyoy kandi ,twiteguriye muri 2015. Ni uhagurukire rimwe dukore, duhindure umukenyuro!

II. ABATUMIWE MU NAMA

- Komite y'umugambwe CNDD-FDD ku mutumba ;
- Komite y'umuhari w'abakenyererarugamba ku mutumba ;
- Komite y'umuhari w'imbonerakure ku mutumba
- Abatowe b'abagumyabanga ngo barongore abandi mu ntwaro ku mutumba ;
- Abakuru b'amanama nshingiro ku mutumba;
- Aba mandataires batowe ku mutumba ;
- Abajewe amatora ku mutumba.

III. ABAZOKORESHA INAMA

- Abagize komite y'umugambwe CNDD-FDD muri Komine ;
- Komite y'umuhari w'abakenyererarugamba muri Komine ;
- Komite y'umuhari w'imbonerakure muri Komine ;
- Abahagarariye imitumba muri Komine (parrains collinaires) ;
- Abajewe amatora muri Commune.

IV. INYIGISHO ZIZOSHIMIKIRWAKO

A .Umukeba ni inde ?

Ni uwo wese mutavuga rumwe muri politike ; muzobasanga zahurikiye mu nani za RANAC n'IKIBIRI cane cane. Muzobasanga candi mu mashirahamwe yiyita ko adaharanira inyungu za politike no mu bamenyeshamakuru bo mumaradiyo amwe amwe yigenga nka za RPA, BONESHA, ISANGANIRO na RENAISSANCE.

B . Imigambi bafise

1. Gushikira ubutegetsi baciye mu nzira z'intambara :

Ivyo bikaba vyaraye bibataye kuwamazi mu ntambara zihurutse kubera mu Ntara ya Cibitoke, mu ma komine ya Murwi na Bukinanyana, aho batakarije abarwanyirizwako mirongo icenda na batanu, hafatwa icenda, abajejwe umutekano nabo baregeranya ibigwanisho bitagira uko bingana, kandi mu migambi yabo, bari bazi ko bazoba bafashe igihugu mu kwezi kwa gatanu 2015, gutyo amatora ntawe akibaye.

2. Gushikira ubutegetsi, mu gihe ivyambere vyokwanka, baciye mu nzira y'amatora, ari naco gituma bashinze inani zikurikira :

- Urunani RANAC : Rugizwe ahanini na porona ya Nditije, FNL ya Rwasa na Frodebu Nyakuri yo kwa Minani.

Urwo rurani rushakira kwishimikiza utugere duko Rwasa asigaranye kugira batere igere rya nyuma. Ni urunani rwuzuyemwo abaporona ba kera bagirizwa amabi yose izyashikiye kino Gihugu harimwo n'igandagurwa rwa Nyenicubahiro Melchior NDADAYE.

Abo baporona mwumva, bagomba kugira Rwasa na Minani ikiraro, bahejeje kujabuka bace babigarama kumakosa bagirizwa :

Rwasa yagirizwa umwongerezakazi yiciye muri bus yaja mu Rwanda ; yagirizwa Abanyamurenge barenga ijana na mirongo itandatu yiciye mu Gatumba, yagirizwa kandi Intumwa ya PAPA yiciye mu Ntara ya Bururi ;

Minani ari mubo Umugambwe Porona wagiriza ubwicanyi bw'Abatutsi bwabaye inyuma y'igandagurwa rya Nyenicubahiro Melchior Ndadaye.

None ko abo bantu bahora barabana ayo ingwe kuva kera, ko abo bantu banyeye bafise ivyo bapfa ; ko abo bantu banyeye baregana ku mabi bakoreraniye mw'Ishirahamwe Mpuza umakungu ry'Isi Yose, mwumva ahantu bohurira ari hehe, atari ukuzimiza abarundi ! Ababakurikiye, bahejeje kwogorora, bace babata nk' akanuka, babiyambure, mu gihe nabo bazoba bariko barasubiranamwo. Ni mureke guhendwa mubona!

Urunani rw' IKIBIRI : Rugizwe ahanini na Frodebu ya Léonce, UPD ya Hussein Radjabu na MSD ya Sinduhije.

Mw'ikoraniro kaminuza ry'Umugambwe MSD riherutse kubera i Ngozi, Sinduhije asa n'uwurusigayemwo igice. Mu gihe bari bumvikanye ko bazogira urutonde rumwe rw'abajenama mu ma Komine n'urwo Abashingamateka mu Ntara muri urwo runani, Sinduhije we yavuze ko azogira intonde z'umugambwe wiwe, bakazohurira gusa ku Mukuru w'Igihugu.

SINDUHLJE nawe nyene, turavye kahise kiwe, ak'abanyamugambwe biwe, turavye kahise k'aba FRODEBU bo kwa Léonce n'Abazigamabanga bari inyuma ya Hussein Radjabu, ntaho bashobora guhurira atari uko Sinduhije agomba kubakoresha mu kujabuka nta kumwe inka n'Umwami bajabukira ku bantu bagomejwe uruzi Nyavyamo ku musu w'umuganuro, igihe c'Ubwami.

Ko muzi ko Sinduhije ashaka Sentare Mpuzamakungu ku Burundi, Leonce nawe akaba yaragirijwe ubwicanyi bw'abatutsi inyuma y'igandagurwa rya Nyenicubahiro Ndadaye, mwumva vyogenda gute ngo bagire aho baturira atari uguhendana!

C. Bimwe mu vyo bisungana mu guhenda Abarundi

1. **Ubukene mu abanyagihugu;**
2. **Ubushomeri mu rwaruka ruhejeje amashure yisumbuye na Kaminuza;**
3. **Imishahara itangana mu bakozi ba leta;**
4. **Amashure nshingiro.**

Intwari ya Uporona yamaze ku butegetsi imyaka irenga mirongo ine, abarundi na cane cane bo mu bwoko bw'abahutu bacinyizwa hambavu ya bamwe mu bwoko bw'abatutsi batavuka i Bururi.

Mu mirongo icenda na gatatu Abarundi bariruhukije, igihe Nyenicubahiro Melchior Ndadaye atsindiye amatora, ariko intwari yiwe yamaze igihe urume rumara. Wa wundi ati: "umwana w'umukobwa arasyera uwishe se", Inziraguhemuka za SAHWANYA FRODEBU, aho kwifadikinye n'abari bahurikiye mu muhari CNDD-FDD, zacye zifatanyaga n'abari bahejeje guhekura Igihugu kugira bahige buhongo ubariko barabagwanira. Abo nabo baremeye amakuba yose bacyemwo harimwo n'ugupfa, barateba barashika Imana ibafashije ku co bari bishinze.

Uno musu, babandi banka kugwanira demokarasi, Umukuru w'Igihugu n'abafasha biwe bari bahejeje kugangagurwa bunyamaswa, basubiye gukorana na bamwe baturuka muri ya migambwe yaduhokora kugira basubize igihugu mw'ihumbi. Mugumyabanga unyumva, ntujye narwo ngo utege ugutwi umukeba. Agomba kukogerako maze niyashika, agusubize mu buhake ubutakigaruka.

ye raba ! Mu misi iheze rwarakubita tugasimbira mu bihugu ihana imbibe, none ubu hasigaye ari nk'ibwishwa, niwarekura ikakuzurirako uzosubira gusimba kanyaru, Rusizi canke aragazi ? Kubitiza agatima mpembero wibuke ayo wagorewe mu gunda, ku ma positions, wibuke umudari wikoreye, wibuke yawe vyagushiriyeko, wibuke abawe baguhishiriyeko 'abagupfiriyeko, woye gusubira kumviriza no kwifadikanya 'ababiguteye.

ryo birirwa baraguhenda bitwaza ubukene kandi ari bo abuguteye, nta gihugu na kimwe cavuye mu ntambara kidaca ho kino gihugu cacu kigeze. Ico womenya, n'uko abo nyene bagusuka ari bo nyene birirwa barishongora, basemerera ku naradiyo no mu bimenyeshamakuru ngw'amakungu n'ahagarike mfashanyo aha uburundi.

Ku ntwaro ya Uporona higa abahutu bake bitewe n'amacakubiri /'amoko. Vyarigeze gushika ko batandukanya abahutu n'abatutsi mugushira imbere y'izina ry'umuhutu urudome U imbere y'iry'umututsi urudome I. Umuhutu yaramuka aciye mu rusenga agatora ikibazo ca leta, yatabwa mu mashure y'inyuga naho nyene mu bisata vyo kubaka no kubaza kugira ngo ntazoshikire kaminuza.

None ubu ntitwaridukwiye gushima ko amashure yagwijijwe ku ntwaro ya CNDD-FDD kugira bese bige atanyagupfa atanyagukira, uwo bishobokeye, agashika no muri za kaminuza akiga n'igisata ashaka!

Uko ibitigiri vy'abiga biduga niko ibitigiri vy'abaheza amashure vyongerekana, niko kandi ibitigiri vy'abashomeri vyongerekana na cane cane ko umugambi wo kurondoka ku rugero tutarawumva twese nka neza. Ariko rero, naho biri uko, Leta, mu migambi yayo irategekanya kugwiza ubuzi. Ntawotanga rero Imana kwihebura.

Turavye ibitigiri vy'abana biga mu myaka ya gatandatu, turavye abahora bungururizwa mu myaka y'indwi mu mashure ya leta n'ayo ama komine, abataha babuze ibibanza vyo gusubiramwo

umashure nshingiro ataratangura, baba benshi kandi siko bahahukana ubumenyi bukwiye.

Mu ntumbero yo kugabanya ingorane, leta yacyiye ishinga ishure nshingiro kugira yigishe abanyeshure benshi gushika mu myaka y'icenda, abahashitse, bamwe baje mu mashure y'imyuga babanje kwongereza ubumenyi abandi babishoboye nabo babandanu2ye gushika muri za kaminuza.

Abakera barayamaze ngo "abasangiye ubusa bitana ibisambo" nta numwe ayobewe ko igihugu cacu gikenye kandi muri ubwo bukene leta iramaze kugira akigoro ko kongereza imishahara incuro zibiri no gukura ikori ku bakozi badashikana umushahara ungana n'ibihumbu ijana na mirongo itanu ku kwezi.

Tokwikeza kubona ata kwezi na kumwe kwijana abakozi ba leta bataronse agashahara kabo. Kabe gato mugabo kaboneke! Abakozi rero bokwihangana bakarindira integuro ya leta yo kugerageza kubafata kumwe nk'uko biri muri programma yayo ya 2015.

V. BIMWE MURI VYINSHI LETA YARANGUYE KU NTWARO Y'UMUGAMBWE CNDD-FDD

- Leta yarazanye amahoro n'umutekano mu Gihugu;
 - Leta yaranywanishije abarundi b'amoko yose. Aho bahora barabana nk'ingwe, uno musi abahutu n'abatutsi basigaye babona ko igihugu ari icyo abarundi bose;
 - Leta yaranaguye imigenderanire n'ibindi bihugu, igihugu c'Uburundi kirinjira mu mashirahamwe y'akarere, ya Africa na mpuzamakungu;
 - Leta yaritwararitse ineza y'abanyagihugu mu kubaho kwabo kwa misi yose;
- Abagore basanye inda bavurwa ku buntu gushika bibarutse;

Abana bavurwa ku buntu gushika ku myaka itanu;

Abanyeshure bo mu mashure y'intango na nshingiro biga ku buntu;

Gusubiza mu vyabo abahungutse basanzwe bari barabinyazwe;

Gusubiza agateka abapfakazi n'impfuvyi, ababo bishwe bahora mu buzi bwa Leta, mu kubaronsa ivyo bagenewe n'amategeko;

Kugarukira kuri bantahonikora mu kubaronsa ibifungurwa, ibisakazo n'utundi dukoresho;

- Leta yaratunganije yongera irashira mu ngiro imigambi y'iterambere:

- Kwubaka ibanje guhimiriza abanyagihugu amashure y'intango, ayisumbuye na kaminuza, ku buryo abana bageze gutangura baronka aho biga ;
- Kwubaka amavuriro n'ibitaro ku buryo vyagabanije ibirometero umunyagihugu yahora agenda kugira ashikire ivuriro cankūše ibitaro;
- Kwubaka amabarabara no gusanura ayari ahasanzwe;
- Kwubaka ibigwati kugira ngo abanyagihugu bashobore kuronka amatara n'amazi;
- Gufata mu mugongo abanyagihugu bahurikiye mu mashirahamwe y'uburimi n'ubworozi mu kubaronsa imbuto zirobanuye n'ibitungwa vya kijambere;
- Kwubaka ibiro vya leta hirya no hino ku mirwa mikuru y'intara n'ama komine;
- Kwubaka ibibuga vy'inkino hirya no hino mu Ntara;

**Directives du discours d'échanges de vœux pour les membres du CNDD FDD de la province
Bubanza au niveau des collines.**

Thème : « Soutenons les membres du CNDD-FDD, détruisons les enseignements de nos adversaires politiques ».

I. Introduction

- Un appel à la cohésion a 3 mois des élections ;
- Un rappel que la situation politique évolue : le contexte de 2005 était différent de celui de 2010 lui-même différent de celui de 2015.
- Invitation à travailler d'arrache pied pour adapter le tactiques.

II. Les invités aux cérémonies

- Comité du parti au niveau collinaire
- Comité des femmes du parti au niveau collinaire
- Comité des jeunes Imbonerakure au niveau collinaire
- Les élus collinaires du parti CNDD FDD
- Les comités collinaires en charge des élections
- Les mandataires du parti pour suivre les élections au niveau des collines.
-

III. Direction de l'événement : Equipe précédente au niveau de la commune.

IV. Axes du message

1. Qui est notre adversaire ?

- Les partis politiques réunis au sein des rassemblements RANAC et ADC Ikibiri
- Des organisations de la société civile
- Les medias comme RPA, BONESHA, Isanganiro et Renaissance.

2. Quelles sont leurs ambitions ?

- Prendre le pouvoir à la faveur de la guerre. Ils viennent de subir un échec cuisant en province de Cibitoke où ils ont perdu 95 de leurs combattants, 9 capturés et plusieurs de leurs armes récupérées par l'armée.

- Arriver au pouvoir par les urnes, raison pour laquelle ils se constituent en coalitions :
 - Le RANAC est prioritairement composé des membres de l'UPRONA de Charles NDIKIJE, du FNL de Rwaswa et le Frodebu Nyakuri de Jean MINANI. Ce rassemblement veut s'appuyer sur les quelques soutiens dont dispose encore Rwaswa. Ceux de l'UPRONA se recrutent parmi les anciens membres du parti accusés de tous les maux qui ont endeuillé notre patrie y compris l'assassinat du président Melchior NDADAYE. Ils veulent faire de Rwaswa et Minani leur tremplin pour ensuite les lâcher à cause des crimes dont ils sont personnellement accusés. Rwaswa est accusé d'avoir assassiné une britannique dans un bus qui se rendait au Rwanda. Il est également accusé d'avoir fait assassiner 160 ressortissants congolais Banyamulenge à Gatumba ainsi que le représentant du pape au Burundi.

Minani lui fait partie de ceux à qui l'UPRONA accuse d'avoir commandité l'assassinat des Tutsi en 1993 à la suite de l'assassinat du président Melchior NDADAYE.

Question : Comment se fait-il que des gens qui, hier se regardaient en chiens de faïence, qui s'accusaient mutuellement de tous les maux devant les instances internationales, aujourd'hui s'allient, sinon que pour dérouter le peuple ? Ceux qui vont les suivre vont être reniés tandis qu'à leur tour, ils seront en train de se rentrer dedans. Ne soyez pas abusés.

- ADC Ikibiri : Il est en réalité composé du FRODEBU de Léonce, UPD de Hussein RADJABU et du MSD de Sinduhije. Au cours du dernier Congrès du parti MSD à Ngozi, tout porte à croire que Sinduhije y reste à moitié. Au moment ils avaient convenu de présenter des listes communes des conseillers communaux et des députés, Sinduhije lui a indiqué qu'il va constituer ses propres listes et qu'ils vont se coaliser seulement au niveau de la présidentielle.

Ici aussi, il est difficile de comprendre quel pourrait être le point de convergence entre Léonce, Rajabu et Sinduhije au regard du passé de chacun d'eux, sinon que Sinduhije veut se servir d'eux comme tremplin pour traverser vers ses intérêts, un peu comme à l'époque de la monarchie où le roi et les vaches passaient sur des humains (insinuation faite aux Hutu) sur la rivière NYAVYAMO lors de la fête nationale des semailles (Umuganuro).

Vous êtes au courant que Sinduhije recherche le Tribunal Pénal International, sachant que Léonce est accusé d'avoir commandité les tueries contre les Tutsi à la suite de l'assassinat du président Melchior NDADAYE. Dites moi quel point de convergence ces gens-là pourraient avoir si ce n'est qu'un – trompe-l'œil.

3. Certains de leurs prétextes

- La pauvreté de la population.
- Le chômage parmi les jeunes lauréats des écoles secondaires et universitaires.
- L'inégalité des salaires parmi les fonctionnaires de l'Etat.
- L'Ecole fondamentale

- L'UPRONA a passé au pouvoir plus de 40 ans, infligeant une injustice sociale aux Hutu et Tutsi non originaires de la province de Bururi.
- Le président Melchior NDADAYE venait comme un salut pour tous mais l'espoir a duré le temps de la rosée. Curieusement, les dirigeants du FRODEBU, au lieu de s'allier au CNDD-FDD, ont préféré s'associer à ceux qui venaient de plonger le pays dans le désarroi, en traquant le CNDD FDD qui combattait pour leur dignité.
- Aujourd'hui, les mêmes qui n'ont pas voulu combattre pour le retour à la démocratie s'associent encore avec les partis politiques qui ont endeuillé le pays pour le replonger une fois de plus dans le désarroi.
- Cher membre du CNDD FDD, refusez de toutes vos forces de prêter attention à cette digression politique de notre adversaire. Il veut simplement se servir de vous pour accéder au pouvoir et ensuite vous lâcher pour de bon.
- Souvenez-vous de nos durs moments d'exil. Souvenez-vous des dures épreuves dans le maquis, sur des positions ; souvenez-vous de vos biens spoliés, de vos chers disparus et résolvez de ne jamais écouter et renouer avec ceux qui sont à l'origine des maux que vous avez endurés.
- La question de pauvreté dont ils vous entretiennent alors qu'ils en sont à l'origine, relève d'une pure manipulation. Aucun pays au monde qui sort de conflit ne peut ne pas passer par l'étape à laquelle notre pays est aujourd'hui rendu. Tout ce qu'il faut garder à l'esprit, c'est que ce sont ces gens-là qui, à travers les médias, lancent régulièrement des appels à la communauté internationale pour demander de ne pas aider le pays.
- Sous le régime du parti UPRONA, très peu de Hutu ont fréquenté des écoles à la suite de la discrimination ethnique. Il est arrivé que le pouvoir aille jusqu'à codifier les examens et concours en désignant par U les Hutu et par I, les Tutsi. Et lorsqu'un Hutu parvenait à passer les mailles du filet, il était orienté à des enseignements techniques comme la menuiserie et la maçonnerie pour lui éviter de parvenir à l'université. N'est-il pas grand temps que nous nous félicitions que le régime du CNDD- FDD est venu à bout de cette discrimination ?
- A mesure que les effectifs de ceux qui fréquentent l'école augmentent, les lauréats et les chômeurs augmentent aussi en nombre, surtout que la politique de la limitation des naissances n'a pas encore eu ses effets. Le gouvernement prévoit en tout cas une politique de promotion de l'emploi.
- L'Ecole fondamentale est venue pour pallier au nombre important de déperditions scolaires au niveau de la sixième année primaire.
- Notre pays est pauvre et tout le monde le sait. Malgré tout, le gouvernement a augmenté les salaires des fonctionnaires par deux fois et exonérer l'impôt pour les salariés de moins de 150 mille francs burundais par mois.

- Nous pouvons nous féliciter que les salaires des fonctionnaires sont régulièrement versés. Nous demandons de la patience chez les fonctionnaires en attendant que le gouvernement résolve la question des disparités salariales prévu dans son programme de 2015.

V. Les grandes réalisations du gouvernement

Une liste de 17 grandes réalisations dont la paix et la sécurité dans le pays ; la gratuité des soins pour les mères et les enfants de moins de 5 ans ; la gratuité de la scolarité à l'école primaire ; la restitution des propriétés aux rattachés ; la construction des infrastructures sociales, sportives et administratives, etc.

VI. Conclusion

- Certains se souviennent des sombres dates de l'histoire de notre pays à cause des conflits ethniques : 1962, 1965, 1969, 1972, 1988, 1993. Parmi ceux qui ont connu ces époques, personne ne souhaiterait revivre ces moments.
- S'il vous arrive de fléchir un seul instant, vous aurez prêté le flanc à ceux-là qui prennent plaisir à exploiter d'autres. Vous leur servirez ensuite de tremplin pour accéder à leurs objectifs et ils vont vous abandonner à votre propre sort, regrettant d'avoir pris une mauvaise option, mais trop tard.
- Refusez donc d'écouter quiconque viendrait vous donner des enseignements contraires à l'idéologie du CNDD FDD, un parti qui vous a tiré des forêts pour vous installer dans vos ménages respectifs, un parti épris de paix et de développement.

Vive le parti CNDD FDD

Vivent les membres du parti CNDD FDD dans tout le pays

Que Dieu vous conduise à la victoire lors des élections de 2015.